

Avi Final ak Eksplikasyon Piblik sou yon Aktivite Pwopoze nan yon Deziyen Plenn Inondasyon ak/oswa Marekaj ke Estanda Federal Jesyon Risk Inondasyon an deziyen

A: Tout Ajans, Gwoup ak Moun ki enterese

Sa a se pou avize ke Divizyon Lojman ak Developman Kominotè Komin Oranj lan, daprè 24 CFR Pati 58 te fè yon evalyasyon jan dekrè egzekitif 11988 egzije sa, jan dekrè egzekitif 13690 amande sa, ak dekrè egzekitif 11990, an akò ak règleman HUD nan 24 CFR 55.20 nan Sou-pati C Pwosedi pou pran detèminasyon sou jesyon plan inondasyon ak pwoteksyon marekaj yo. Aktivite a finanse nan kad Pwogram Reyabilitasyon Lojman Komin Oranj (nimewo sibvansyon B-21-UC-12-0003, B-22-UC-12-0003, ak B-24-UC-12-0003), nan program Sibvansyon Global pou Developman Kominotè a - Rekiperasyon aprè Dezas (CDBG-DR) Komin Oranj pou Siklòn lan (nimewo sibvansyon B-23-UN-12-0003), ak Pwogram CDBG-DR pou Siklòn Milton (nimewo sibvansyon B-25-UU-12-0005). Pwojè ki pwopoze yo sitiye nan Komin Oranj, Florid epi yo gen potansyèlite pou sitiye nan plenn inondasyon ak/oswa zòn marekaj nan nòm Federal Jesyon Risk Inondasyon yo (FFRMS). Yo te itilize apwòch inondasyon 0.2 poustan pou detèmine limit plan inondasyon FFRMS la.

Divizyon Lojman ak Developman Kominotè Komin Oranj lan ap fè yon etid anviwònmantal nan Nivo I sou aktivite pwojè reyabilitasyon ak rekonstriksyon kay inifamilyal yo. Aktivite pwojè yo pral enkli reyabilitasyon, rekonstriksyon, ranplasman, ak elevasyon kay inifamilyal ke pwopriyetè yo abite. Pwojè ki pwopoze yo pral lokalize nan plizyè andwa nan tout Komin Oranj, avèk anplasman egzak pwojè espesifik yo sou plas yo detèmine nan yon dat ilteryè. Aktivite pwojè espesifik sou sit la pral fèt sou pwopriyete rezidansyèl ki te deja devlope epi pa gen aktivite pwojè ki pral lakòz nouvo konstriksyon nan yon tè imid. Daprè Sant Sèvis Kat Jeyografik Inondasyon FEMA a, gen apeprè 210,769 kawo tè nan plènn inondasyon 100 ane a ak 10,038 kawo tè nan plènn inondasyon 500 ane a nan Komin Oranj. Sepandan, pa gen okenn Zòn Kotyè (Zòn V) ki Gen Gwo Risk, oswa Zòn Limit Aksyon Vag Modere (LIMWA) nan Komin lan. Anplis de sa, Komin Oranj gen apeprè 250,511 kawo tè ki deziyen kòm marekaj nan Envantè Nasyonal pou Zòn Marekaj nan Sèvis Pwason ak Bèt Sovaj Etazini. Plenn inondasyon ak marekaj yo benefisyè bét sovaj, pou kreye yon varyete abita pou pwason ak lòt bét sovaj. Anplis de sa, plenn inondasyon yo enpòtan pou estoke ak transmèt dlo tanpèt, pwoteksyon kalite dlo, ak rechaje dlo anba tè.

Divizyon Lojman ak Developman Kominotè Komin Oranj lan te konsidere altènativ ak mezi alèjman sa yo pou minimize enpak negatif yo epi pou restore ak prezève fonksyon natirèl e benefik yo ak valè entrrensèk plenn inondasyon/zòn marekaj ki egziste yo.

Altènativ 1 (Altènativ Chwazi): Fè Reyabilitasyon Kay, Rekonstriksyon, ak Elevasyon nan plènn inondasyon FFRMS ak marekaj. Pa gen okenn travay pwojè kap fèt nan yon wout inondasyon, eksepte poudeplase bilding ak amelyorasyon nan wout inondasyon. Altènativ 2: Tout kay inifamilyal ke yo chwazi pou Pwogram lan dwe andeyò plènn inondasyon FFRMS ak zòn marekaj. Altènativ 3: Demenaje kay andeyò plènn inondasyon FFRMS ak zòn marekaj, ak Altènativ 4: Altènativ San Aksyon. Se detèminasyon Divizyon Lojman ak Developman Kominotè Komin Oranj lan ke Altènativ 1 se sèl altènativ solid la. Sa fèt akòz: 1) Nesesite pou soulaje efè Siklòn lan ak Milton yo; 2) nesesite pou soutni reparasyon ak reyabilitasyon ki nesesè pou amelyore sante, sekrite, ak byennèt rezidan yo, epi pou amelyore entegrite estriktrèl ak prezèvasyon kay ke pwopriyetè yo abite; 3) desi pou evite deplase rezidan ki prefere rete nan kote yo ye aktyèlman an; ak 4) kapasite pou bese ak minimize enpak sou sante moun, pwopriyete piblik, ak inondasyon/valè marekaj yo, menm jan tout travay reyabilitasyon ak rekonstriksyon kap enplike kay ki dejá egziste sou teren rezidansyèl amenaje yo.

Kay ki sitye nan plènn inondasyon FFRMS la, ki resevwa èd pou rekonstriksyon, reparasyon domaj sibstansyèl, oswa amelyorasyon sibstansyèl, pral elve ak etaj ki pi ba a, ki enkli sousòl la, omwen de (2) pye pi wo pase Elevasyon Inondasyon Baz ki pi aplikab la. Tout kay ke yo asiste nan pwogram plènn inondasyon 100 ane a ap nesesite pou antretyen asirans plènn inondasyon yo pou tout tan. Lè ranplasman yon inite kay mobil (MHU) pa posib nan menm andwa ak estrikti orijinal la, yo pral ranplase MHU a nan yon lòt kote. Anplasman altènativ la dwe yon pwopriyete rezidansyèl/pasèl ki te deja devlope, ki zòne pou pèmèt enstalasyon yon MHU epi gen aksè fasil a tout egou, dlo, ak koneksyon elektrik. Anplis de sa, sit altènativ la pa ka lokalize nan plènn inondasyon FFRMS la. Aktivite pwojè ki tou pre marekaj yo pral mande aplikasyon pi bon pratik jesyon pou anpeche enpak sou kalite dlo ak ekosistèm marekaj yo. Anplis de sa, pwojè a pral konfòm ak tout pwosedi nasyonal e lokal nan plènn pwoteksyon marekaj, jan sa nesesè.

Divizyon Lojman ak Developman Kominotè Komin Oranj te re-evalye altènativ pou rebati nan plènn inondasyon/zòn marekaj la epi li te detèmine ke li pa gen okenn altènativ pratik pou konplete pwojè reyabilitasyon ak rekonstriksyon nan plènn inondasyon/zòn marekaj la. Dosye anviwònmantal ki dokimante konfòmite avèk Dekrè Egzekitif 11988, jan Dekrè Egzekitif 13690, ak/oswa Dekrè Egzekitif 11990 yo amande I la, disponib pou enspeksyon, revizyon ak kopi publik sou demann nan moman ak andwa ki endike nan dènye paragrapf avi sa a pou resevwa kòmantè yo.

Gen twa objektif prensipal pou avi sa a. Premyèman, moun ki ka afekte ak aktivite nan yon plènn inondasyon ak/oswa zòn marekaj yo ak moun ki gen yon enterè nan pwoteksyon anviwònmnan natirèl la ta dwe gen opòtinite pou eksprime enkyetid yo epi jwenn enfòmasyon sou zòn sa yo. Dezyèmman, yon pwogram avi publik adekwa kapab yon zouti edikatif publik enpòtan. Distribisyon enfòmasyon ak demann pou kòmantè publik sou plènn inondasyon/zòn marekaj la ka facilite ak amelyore efò Federal ki vize pou diminye risk ak enpak ki asosye ak okipasyon ak modifikasyon zòn espesyal sa yo. Twazyèmman, nan kat ekite, lè gouvènman federal la detèmine ke lap patisipe nan aksyon ki dewoule nan yon plènn inondasyon/zòn marekaj, li dwe enfòme moun ki ka ekspoze a yon risk pi enpòtan oswa kontinye yo.

Divizyon Lojman ak Developman Kominotè Konin Oranj lan dwe resevwa kòmantè alekri nan adrès sa a nan oswa anvan 1 Avril 2025: Divizyon Lojman ak Developman Kominotè Komin Oranj, 525 E. South St, Orlando, FL 32801 ak (407) 836-5150, Atansyon: Byron Brooks, Administratè Komin. Yon deskripsyon konplè sou pwojè a ka egalman revize soti 8:00 am jiska 5:00 pm nan menm adrès ki anwo a ak <https://www.ocfl.net/NeighborsHousing.aspx>. Kòmantè yo ka soumèt tou atravè imel nan Inalbert.ramos@ocfl.net.

Dat Piblikasyon an: **24 Mas 2025 – 1 Avril 2025**